

# Нæ цардвæндаг. Не 'гъдæуттæ

Тематикон фарс.

Нæ бæрæгбæттæ

## ДЖЕОРГУЫБА

у ирон адæмы стырдæр, кадджындæр, фæззæджы Уастырджийы номыл, æппæтирон бæрæгбон. Йæ бонтæ йын хонæм Уастырджимæ кувæн бонтæ, æмæ ахæссынц къуыри.

Нæлгоймæгтыл æмæ бæлццæттыл армдарæг зæдмæ адæм кувынц хоры æмæ фосы сæртæй. Бонджын бинонтæ Джеоргуыбайы бæрæгбонмæ сæрмагондæй схæссынц нывондтæ — чи гал, чи та нæл сæгътæ, кæнæ фыстæ.

Галнывæнды аргæвдынц бæрæгбоны размæ Галæргæвдæн Хуыцаубоны — ацы аз уый мæйæн йæ æртыккаг хуыцаубоны, 20-æм ноябры уыдис. Йæ фæстæ къуырисæры та дыццæгæхсæв Уастырджийы номыл нæл сæгътæ æмæ фысты нывондты аргæвстой. Ракуывдты лæгтæ ссарынц Хуыцауы, Хоры Уациллайы, Фосы Фæлвæрайы æмæ Мадизæны нæмттæ. Сæрмагондæй рæгъытæ фæуадзынц Уастырджийы номыл æмæ сæ фæнуазынц лæугæйæ.

Уæдæ æрхæццæ Джеоргуыбайы хъæздыг, фæрнджын бæрæгбон. Уастырджимæ кувæн æхсæв уыди 21 ноябры — къуырисæры изæрæй. 27-ы ноябры, хуыцаубоны адæм сæхи фæдзæхсдзысты Уастырджийыл. Уый фæстæ, 28-æм ноябры та ирон бинонтæ Уастырджийы (Джеоргуыбайы) æрвитæн æхсæвы фынгтыл баддзысты.



Табу Уастырджийæн. Ирон адæмы, Ирыстоны хъахъхъæнæд фыдбылызтæй, фыдбæллæхтæй. Æххуыс нын кæнæд нæ цард рæсугъдæй, хъæлдзæгæй, æнæниз æмæ бæркадкъухæй æрвитынæн. Фарн æмæ амонд уæд алкæй хæдзары дæр!

## Ирон дины сæйрагдæр зæдтæй

**Уастырджи** у Хуыцауы стырдæр, кадджындæр минæвар арвæй зæхмæ. Зæххæй арвмæ та — кусæг, кувæг адæмы фидиуæг — уацхæссæг. Æрвон тыхтæй — зæдтæй-бардуæгтæй иунæг Уастырджи зыдта цæсгомæй цæсгоммæ Стыр Хуыцауы, æмæ иумæ æвзæрстой дунейы раст æмæ зылыны хъуыддæгтæ.

Ирон сылгоймæгтæ Уастырджимæ амыдтой Лæгтыдзуарæй.

**Уацилла** — тыллæджы бардуаг, хорæрзады — хорæрцыды зæд. Халсарæй, дыргъæй, хорæй — цыдæриддæр зæххыл зайы адæймагæн хæрынæн бæзгæ, уыдоны раттæг у Уацилла.

**Йелиа** — тыхуарынты, тыхдымгæты, ихуæрдтыты бардуаг.

**Фосы фæлвæра** — хæдзарон фосы зæдбардуаг. Хæдзарон фосыл фыдæлтæ нымадтой лыстæг æмæ стурвосы, бæхтæ æмæ хæрджытæ, хуытæ æмæ къамбецты, теуаты.

**Æфсати** — хъæддаг сырдтæй æмæ мæргътæй тугдзых чи уыди, уыдоны бардуаг. Æфсатийы фос æмæ мæргътæм хаудтой хæхты, хъæдты цæрæг сагтæ, дзæбидыртæ, сычъитæ, сæгуыттæ, зымтæ, кæрчытæ.

**Мыкалгабыр** — царды æппæт бæркæдтæ дæттæг æмæ уарæг бардуаг.

**Мадизæн** — мадæлтæ æмæ сæ цоты бардуаг.

**Бынатыхицау** — алы цæрæн хæдзары, уæтæры, мусонджы, лæгæты, бынæтты нывыл чи уагъта, ахæм зæд.

Ивгъуыд азты къамтæй

## Хæларæй цардысты

*Йæ зæххон царды искæй цин
ыл цин чи кодта, зын сахат та — хъыг, адæмы 'хсæн хæларæй чи фæцард, ахæм сылгоймæгтæ уыдысты, ацы къамы кæй сурæттæ баззад, уыдон.*

*Хуызисты разæй лæууынц Бязырты Вера (Хъайырон, галиуæрдыгæй). Йæ фарсмæ та уынæм Бокоты Хадизæты (Иван Иванович Кулачковы цардæмбал). Дыккаг рæнхъы сты (галиуæрдыгæй рахизæрдæм) Епхиты Тамарæ, Уырымты Зинæ (Геуайы ус) æмæ Бицъоты Дарья.*

*Сæ фембæлд уыд Октябры революцийы бæрæгбоны демонстрацийы фæстæ нæ горæты фæлладуадзæн парчы. Сæ хуыз та сын systa, мæнмæ гæсгæ, районы газеты уæды къамисæг Георгий Пирогов.*



*Уыцы рæстæг Вера пенсиисæг — хæдзары 'фсин уыд, фæлæ адæмимæ хæларæй цард. Уæлдай лымæндзинад хаста ахуыргæнджытимæ. Æвæццæгæн, йæ чызг Лиммæмæ дæр уыцы дæсныйад кæй уыд, уымæ гæсгæ. Хъайыронæн, цыппар сывæллоны мадæн, йæ чызг — Лорæ æмæ лæппу Солтанбег чысылтæй амардысты. Чызг Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг акъоппы суазал æмæ рæуджыты низæй амард, лæппу та — дыккæгæм къласы ахуыр кæнгæйæ, тифæй ссардта мæлæт. Уæдæ сæ фыд Бодзи (Барис) дæр хæсты Уæлахизы бонæй мæй раздæр амард. (Раздæры америкдзау куыста Æрыдоны колхозы). Ахæм зиантæ æрцæугæйæ, сылгоймаджы зæрдæ куыннæ рыстаид.*

*Уæдæ зындзинæдтæ куыннæ уыд хæсты фæстæ азты дæр. Верайы 'вджид баззадысты йæ тиуы цот цыппарæй. (Сæ ныййарджытæ цардхъуагæй ацыдысты се 'цæг дунемæ). Кæд хицæн кæрты цардысты, уæддæр сæ Вера йæхи сывæллæттæ хуыдта, ницы хъуаг сæ уагъта. Йæ рæвдыд æмæ хорздзинадыл фæсмон никуы кодта Хъайырон. Цæгаты 'рдыгæй дæр стыр бинонтæ уыдысты — дыууæ хойы æмæ йын æртæ 'фсымæры уыд. Уыдонмæ дæр Вера хорз зæрдæйы ахаст куыннæ дардтаид.*

*Куыд æфсин, афтæ дæр уыд алы хъуыддагмæ лæмбынæг, хæрзты цыд йæ чындзæн, хи чызгау æй рæвдыдта.*

*— Ме 'фсин уыд æгъдауджын, хæрззæрдæ сылгоймаг. Цыфæнды зын уавæрты дæр æй мæстыхуыз æмæ тыхстæй никæд федтон. Рухсаг уæд, æмæ мæрдты дзæнæты бадæд, — зæгъы йæ чындз Таня. — Рæвдыд ныхасæй мын æмбарын кодта царды кæцыфæнды хъуыддаг дæр.*

*Вера кæд стыр ахуыргонд нæ уыд, уæддæр йæ дæсныйадыл æнувыд уыд (куыста хуыйæгæй).*

*Стыр дæсны æмæ æнувыд сæ дæсныйадыл уыдысты, къамы кæй уынæм, уыцы ахуыргæнджытæ дæр. Сæ фенд та æхсызгон уыдзæн сæ раздæры ахуырдзаутæн. Бирæ мысинæгтæ та зæрдыл æрлæудзысты скъолайы ахуыры азтæй.*

Ног чиныг

## ÆХСЫЗГОНÆН БАКÆСДЗЫСТУТ

Нæ районы библиотекæйы фæзынд ног чиныг **"Осетинские национальные диаспоры в современном мире"**. Сарæзтой йæ Хъайырты В. М., Бадальян С. А. æмæ Цæллагты А. А. Рауагъд кæд уырыссагау фыст у, уæддæр æй кæцыфæнды ирон дæр бакæсдзæн æхсызгонæн.




Чиныджы хицæн сæргæндты фыст ис, йæ цард фæхуыздæрæн дард, æндæр бæстæтæм чи афтыд, уыцы ирæттæ кæм æрцардысты, абон сæ байзæддæгтæ фыдæлты æгъдæуттæм цы цæстæнгас дарынц, уый фæдыл.

Бæрзонд, бæрнон бынæтты кусгæйæ, куыд зæрдиагæй архайынц сæ национ-культурон æгъдæуттæ æмæ традицитæ кæстæр фæлтæрæн амоныныл. Уæлдай активонæй архайынц диаспорæты советты уæнгтæ. Хицæн сæргæндты бæлвырд фыст сты уæрæсейаг ирон диаспорæты тыххæй æрмæджытæ. Чиныг дзуры хæстæг æмæ дард фæсарæнты цæрæг ирæтты цардыл, сæ æхсæнадон куыстыл.

"Фыдæлты фарн", зæгъгæ, сæргонды бынмæ та ирон æвзагыл фыстæй ссарæн ис "Ирон къæлиндар", "Ирон адæмы кувыны хуызтæ æмæ мидис", "Ирон дины уырнынады сæйрагдæр зæдтæ", Республикæ Цæгат Ирыстон—Аланийы паддзахадон гимн æмæ ирон бæрæгбæтты зарджытæ. Чиныг фæлгонцгонд у цымыдисаг къамтæй.

Кæстæртæн зонынæн

## ЗÆХХЫ РАВЗÆРД

### фыдæлты хъуыдымæ гæсгæ

Зæхх у нæ дарæг, нæ уромæг. Æвæццæгæн, ахæм адæймаг нæй, æмæ æрдзы рæсугъддзинад чи не 'нкъары, зæххон цардыл чи нæ бадис кæны. Æмæ диссаг дæр куыд нæу, зæхх кæм лæгъз, кæм дæлвæзуæлвæз у. Нæ бæрзонд хæхты рæсугъддзинад та?

Уæдæ зæххы бæркад кæуылты у! Зæххы равзæрды тыххæй фыст ис Цгъойты Хазбийы чиныг "Арвы дуар"-ы, æмæ йæ мыхуыр кæнæм.

— Раздæр, дам, Хур æмæ Мæй иумæ уыдысты, фæлæ Хуыцауы хъыджы бацыдысты, æмæ сæ фæхицæн кодта. Афтæмæй Хур боныгон кæсын райдыдта, Мæй — æхсæвыгон. Хуыцау сæм куы смæсты, уæд йæ бандон афтæ ныццавта, æмæ дзы къæртт асхъиудта, æмæ Хуры сыкъайыл (уæд ма, дам, Хур сыкъаджын уыди) сæмбæлди". Сыкъа агæпп ласта æмæ, дам, Мæйы уазал уддзæфыл сæмбæлди, Хуыцау ихдон ракалдта, æмæ сыкъа æруазал. Мæй йæ алыварс зилынтæ байдыдта, æмæ йæ дарддæр хауын нал уагъта... Уæд, дам, Хур æдзæф бандоныл æрбадт æмæ дзуры Мæймæ: "Ауадз æй æмæ ахауа, йæ алыварс цы зилыс?". Мæй зæгъы: "Нæ йæ ауадздзынæн, ды мæнæй адард дæ Хуыцауы зондæй, уадз æмæ дын дæ сыкъамæ уæддæр кæсон". Хур бахудти, йæ сыкъамæ хъарм бауагъта, æмæ сыкъа зæхх фестади. Стæй Хур загъта: "Уадз, бон æм æз кæсдзынæн, æхсæв та — ды".

Зæхх кодта æхсидгæ, йæ хуылфæй цыд тæф, æмæ Хуыцауы йæхимæ кæсын нæ уагъта. Хуыцау смæсты, йæ артæй иу судзгæ æхсидав фехста. Уый Зæххы хуылфы арф абырыди, йæ сæрмæ мигътæ суагъта. Зæхх абузынтæ систа, дæлæмæ-уæлæмæ кодта, кæм стыр уæрмытæй баззад, кæм та — къуылдымтæй, кæм дзыхъхъытæ ныцци, кæм фæзтæ сси. Дзыхъхъыты дон дзаг кодта, æмæ сæ фурдтæ рæзти". Гъе афтæ, дам, равзæрд Зæхх.

## ДИССАДЖЫ ХЪУЫДЫТÆ

### Æнæмæнг хъуамæ уой...

Хъуамæ алы æцæг ирон хæдзары дæр æнæмæнг уа "Нарты кадджытæ", "Ирон фæндыр" æмæ ирон æвзаджы алыхуызон дзырдуæттæ.

### Сæ кад хъахъхъæдтой

Ирон лæппу-иу цалынмæ ус ракуырдта, йæ цот конд фесты, уæдмæ йæ дзыхмæ карз нозт нæ хаста.

### Бирæ цот — кады хос

Нæ фыдæлтæм, бирæ цот кæмæ уыд, уыдон кадджын уыдысты: бирæйæ бирæгътæ дæр хъæдмæ лидзынц. Æмæ-иу хистæртæ чындзæн бамбарын кодтой, авдæй къаддæр цæмæй ма ныййара, уый. Авдæнæн (ома авд-æн) дæр йæ ном афтæ хуыйны.

### Цы байтауай...

Мад æмæ фыды фыдæбон ничи бафиддзæн, фæлæ сæ мурмæ дæр чи нæ дары, уыдоны ныййарджыты сæрыл сдзурыны размæ базон: уыдонæй та сæхи мадæлтæ æмæ фыдæлтæ цы рæвдыд федтой? Кæд сын сæ цот сæхи фæзмынц?

### Хи бахизын раздæр фæхъæуы

Адæймагыл исты бæллæх куы 'рцæуы, уæд дис фæкæны: "Цымæ цы кодтон Хуыцауæн?" Тæригъæды бацæуынæй хи бахизын раздæр фæхъæуы. Уæлдайдæр рæзгæ фæлтæры тæригъæды бацæуынæй. Наркотиктæ сын чи уæй кæны, уымæн сар йæ сæр кæны.

Фарс бацæттæ кодта АГЪНАТЫ Розæ.